Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 20 (7421)
7 Июнь 2020 сон
ГъатIан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Оперативияб штабалъул данделъи



Гьал гIагарал къоязда Дагъистаналъул бетIер В. Васильевас республикаялда цIакъго коронавирусалъул инфекция тIибитIунгутIиялъул мурадалда ВКСалъул форматалда тIобитIана оперативияб штабалъул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна ГI. НурмухIамадовас, гьесул замаз, ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъги.

Заседание байбихьулаго регионалъул бетIер В. Васильевас баркала загьир гьабуна гьаб гIадатияб гуреб заманаялъ медучреждениязда гьабураб хIалуцараб хIалтIухъ, гьединго МОялъул бутIрузул ва ГОязул кIвар буссинабуна больницабазда чIун хIалтIулел медхIалтIухъабазе шартIал лъикIлъизариялде.

Данделъиялда бицана предприятиязда СИЗал рукIинариялъул, дараби чIезариялъул. Гьеб гуребги республикаялъул БетIерас кIвар буссинабуна амбулаториялъул ва рокъор тарал унтаразе дараби чIорого кьеялде.

## Аппараталъул данделъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул бетIерлъиялда гьоркь райадминистрациялда тIобитIана данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна бакIал раялул, лъай кьеялъул, росдал магIишаталъул, военкоматалъул, налогал ракIариялъул, гьелдаго цадахъ транспорталъул, буголъиялде рачIунел налогал рачIинариялъулгун финансированиялъул суалал.

Данделъиялда бетIерас цIикIкIараб кIвар кьуна лъай кьеялъул бутIаялде. Гьелъул хIакъалъулъ бицана лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. ГIабдурахIмановас. Гьес бицана цIалул сон ахиралде щванин, ахирисеб цIумур гьаб соналда анин онлайн режималда, гьединго лъазабуна ЕГЭ экзаменал росун ругин 29 июналде абун. Бицана 9 класс лъугIарал 29 цIалдохъанасе тIадегIанал къиматазул аттестатал щванин, меседил медалазе рихьизарун ругин 27 выпускник.

Данделъиялда бицана районалда эпидемиологияб хIал бугеб куцалъулги.

## Заманалда унти чIезабиялъе



Эпидемиологияб рахъалъ Унсоколо районалда бугеб хIалги хIисабалде босун, РДялъул Минздравалдасан муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIалаб гьабун районалде бачIун буго районалъул гIадамазул цIех-рех гьабизе флюорографиялъул установка. Гьал къоязда цIех-рех гьабуна Шамильхъала поселокалъул ва Генуб росдал гIадамазул. Щивав пневмониялде щаклъи бугезул рес буго гьеб гьабизе.

Кинабго гьабулеб буго нилъер сахлъи цIуниялъе, унти заманалда къватIиб чIвазабун сах гьабиялъе.

Щивас цIуне нужго ва нужерго гIагарал!

# Призвание - отдавать тепло души

(Ко Дню социального работника)

День социального работника - праздник, ежегодно отмечаемый в нашей стране 8 июня. Этот день был установлен Президентским Указом 27 сентября 2000г. Основная задача работников - оказание социальной помощи нуждающимся категориям граждан, к которым относятся пенсионеры, малообеспеченные семьи, люди с ограниченными возможностями и другие граждане, попавшие в сложную жизненную ситуацию.

Профессия социального работника остаётся одной из самых нужных, востребованных. Людям, нуждающимся социальной помощи, нужны доброе отношение, чуткое понимание, заботливое участие. Особенно остро эту необходимость ощущают представители старшего поколения.

Впервые в Унцукульском районе социальные услуги начали свою деятельность в конце 90-х 20 века. В настоящее время, начиная с 2006 года, Комплексным центром социального обслуживания населения руководит Азра-Айшат Магомедовна Гимбатова.

Во всех населённых пунктах района социальную помощь нуждающимся оказывают соцработники, назначенные этим же центром.

Сегодня мне хочется рассказать об одном из них. Это Алиасхаб Далгатов, который проживает в с. Иштибури и на протяжении многих лет работает со стариками, с людьми ограниченными возможностями и малоимущими этого небольшого села.

Вначале Алиасхабу Нажмудиновичу было сложно, ведь люди в пожилом возрасте не всегда легко идут на контакт, не всегда доверчивы, боятся обмана, насмешек. Со временем Алиасхаб научился понимать своих подопечных, общаться стало даже интересно ( он всегда поддерживает разговор пожилых людей), появилась вера подопечных в своего помощника.

Они, действительно, видят в нем друга, младшего брата, родственника и очень близкого человека.

Трудовые будни Алиасхаба Нажмудиновича насыщенные, под его опекой в данное время девять человек, среди которых имеются и лежачие больные.

Алиасхаб Нажмудинович часто посещает своих подопечных, беседует с ними на разные интересующие их темы, помогает по мере возможности в домашнем хозяйстве, поддерживает их, во время разносит каждому продукты, лекарства, продукты первой необходимости, необходимые медикаменты, по выписанному врачам рецепту. Конечно, все это отнимает немало времени, терпения и сил.

Алиасхаб Далгатов уже давно привык к своей работе, главное для него - это вовремя оказанная помощь, добрые слова, которыми он утешает своих односельчан, честность и трудолюбие.

Мы все рождены помогать друг другу, дарить окружающим тепло, говорить просто и красиво, поддерживать не только близкого человека, но и чужого.

Мне кажется, в обществе людей не должны быть чужими, мы все свои, мы - люди, которые живут одной целью - разносить тепло и добро, чтобы все маленькие и взрослые улыбались и чувствовали себя нужными обществу.

Не бросайте, дорогие друзья, в беде своих постаревших родителей, попавших в беду знакомых, подайте руку ближнему. Пусть мир украшают люди с огромным сердцем, тёплой душой и ясными, простыми мыслями.

Берите пример с таких, как Алиасхаб Далгатов, терпеливого, мудрого, трудолюбивого и энергичного.

**П. МАГОМЕДОВА.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 20 (7421)
Гьат1ан
7 Июнь 2020 сон



Дур къварилъи дийги гIахьаллъичIони,
Дир бусурманлъидул пайда ккеладай?
Дуде балагь щведал пашманлъичIони,
Дир гIаданлъиялъул магIна лъаладай?.

**ГIайшат МАЛАЧИЕВА**

Коронавирус: редакциялде кагътал

# Унсоколо больницаялда - кор боркьараб хIал



Щибниги пикру гьабизецин бачIунареб гIадаб ракIалдаго гьечIеб, гIажалалъ планетаялдаго миллионл гIадамал къурбаналлъун ккараб унти тIибитIана исана. РикIкIада бугин, гьеб нилъеде щвеларин хьулазда рукIана нилъ. Амма манзил лъалареб гIажалалъулаб унти бачIана Дагъистаналдеги, гьелдаго цадахъ нилъер районалдеги.

РакIалдаго гьечIого бачIараб унтиялъ захIматаб хIалалде ккезаюрай дунги ячана районалъул больницаялде. Гьереси щай, хвалил хабар гIемераб унти тIаде бачIанщиназ гIумруялъул ахириял лахIзатал ругодаян пикраби гьаричIого хутIулеб хIал букIинчIо гьеиб. Цадахъ киналго хъегIдулеб, хIухьел босизе захIмалъарал къоял щивав унтарасул рукIана. Районалъул росабалъа къойилго больницаялде рачIунел рукIана хIухьел босизе захIмалъиялъ х1инкъиялда гъоркь ругел гIемерал унтарал. Гьабилеб жо тIагIараб хIал букIана чанго къоялъ гьеиб, доре-гьанире, захIматто ругелщиназухъе рекерулел рукIана врачал, медсестраби, санитаркаби, цIун рукIана палатабиги, коридоралги. Къокъго абуни, гIажалалъул квер баралщинал гьелъул квачIикьа рахъизе г1едег1улел гьезухъ балагьун гIумроялде дагьабго хьул бачIунаан, амма хьул дагьаб,г1умро цIадулъ бугеб гIадаб хIал букIана гьел моцIаз больницаялда. Цо-цо бакIазда жалго захIматаб унтудаса цIунун унтарал ругел палатабахъе цогидал врачалги ритIун, хIалтIана бетIерал врачал. Нижер ГIайшат МухIамадова абуни щибаб къойил щолаан бищунго захIматал унтаразухъе, врачаз гьабуралда г1ей гьабичIого жинцаго борцунаан гьезул давление, гIенеккулаан щивасухъ. Гьединаб мехалъ бадиса магIу бачIунаан дир; «Балагьеха, гьал унтаразда цадахъ хвезе хIадур йигогурищ гьай», - ян ракIалдеги ккун.

БитIахъе бицани киса-кибего гIадин цIа рекIараб хIал букIана больницаялда кIиябго моцIалдаса цIикIкIун заманаялъ. Къасде кьижичIого хIалтIулел рукIана врачалги, медперсоналги, санитаркабиги. Цогидазда квеш букIи-нареб батила врачал Марям-Асият МухIамадо валъеги Умаразият МухIамадхIажиевалъеги дица батIаго босун баркала кьуни. Киналго коллективго балагьалдаса ц1унаги нуж!

Аллагьасе рецц, гьанже унти гIодобе биччан унеб заман бугониги унтаразе кумек гьабиялда цадахъго больницаялде щвезарун руго дараби, цогидабги хIажатабщинаб. Буго тIагIамаб квен, къокъго абуни тIад калам гьабизе бакI гьечIеб хIалалъ гIуцIун буго ГIайшат МухIамадовалъул коллективалъ хIал-тIи. Чи гIемерлъаниги цIунун буго рацIалъи.

Нужго цIуничIого цIадай кIанцIулел
Аллагьас цIунайгин мунгун коллектив,
ХIинкъи-къай лъачIого хIалай ратулел
Квешабщиналдаса цIунун тайги нуж!

РакI-ракIалъулаб баркала, ГIайшат МухIамадовна, дуе, ва дур коллективалъе, бицун божилароан, бихьана, лъана нуж ракI-ракIалъулал, хIилла-макру гьечIел, гIадлу цIикIкIарал ва гIумро божун щивав тезе бегьулел гIадамал рукIин. Даимго ракIалдаса инаро нужер гIаданлъиялъулаб бербалагьи!

**Зайнаб НУРМУХIАМАДОВА,**
**хIалтIул ветеран, Унсоколо росу.**

# РакI-ракIалъулаб баркала

БачIана замана, буго замана
Жегиги халкъалда рагIун букIинчIеб,
Дунялалда тIадго жиб тIибитIараб
Данде дару гьечIеб унти баккараб.
Гьеб унтуца кIвекIун дунял тун арал
Аллагьас Алжан кьун рохизареги,
Гьеб унтуца унтун къваридго ругел
Чорхое сахлъи кьун, тIаде рахъайги!
Гьеб балагь халкъалде бачIун бихьидал
Жидерго буголъи гьезий бикьулел,
Чорхолъ сахавалъи цIикIкIун бугезе
Аза-азар кири щвезабе, Аллагь!
Амма камун гьечIо кириги кIочон
Жидерго чвантаби понцIозарулел,
Гьединал хъантIарал, хъубал хъурмалги
Дуца кантIизаре, хIал кIолев Аллагь!
Гьале ахиралда гьарула дица
Гьал нилъер бахIарзал тохтурзабазе,
Халкъалъе гьабулеб гьаб хъулухъалъухъ
Кири цIикIкIинабе, бетIергьан Аллагь!

Нилъеда киназдаго лъана тIолабго дунялалдаго тIибитIун араб, жегиги жинда данде мухIканго дару ургъичIеб, цоцадеги бахунеб унти баккараблъи. Гьелда хурхун нилъер ватIаналда жанибги, хасго нилъер Дагъистаналда бищунго хIалуцараб ахIвал-хIал лъугьун букIараблъиги нилъее киназего якъинаб жо буго. Амма гьаб газета гьоркьоб ккун дунгоги унтун анцIила щугогIан къоялъ больницаялда вегун вукIиндал, дир пикру ккана нилъер Унсоколо районалъул больницаялда гьеб унтуца унтаразе больницаялъул хIалтIухъабаз гьабулеб хъулухъалъул хIакъалъулъ цо чанго рагIи абизе.

Май моцIрол байбихьуда рокъов вукIаго дун лъугьана хIухьел босизе захIмалъун, чорхолъ рухI дагьлъун ва дагьабго цIа-кан бахун. Щубилеб къоялъ дица пикру гьабуна хал гьабизе больниаялде ине ва цадахъго хал гьабун лъикIилан хъизан-лъималги рачун дун гьениве щвана. Больницаялъул кавуялъул кIалтIа ругел хIалтIухъабаз ва жанирехун чIун ратарал тохтурзабаз гьенире хал гьабизе рачIарал унтарал къабул гьарун, гьезие малъа-хъваял гьарулеб къагIида бихьарабго дида бичIчIана гьениб гьабизе кколеб хIалтIи тIадегIанаб даражаялда ва низамалда гIуцIун бугеблъи.

Халгьабизе бакI-бакIаздасан рачIарал, цоцаде аскIоре риччачIого, рентген гьабулеб бакI бихьизабун, гьениб аскIоб бугеб машинаялде аскIоре ритIулел рукIана. Гьенив рентген гьабулев врач ГIабдулагьица рентгенги гьабун гьелъул сурат бихьарабго бицунеб букIана бугеб хIалалъул ва унтун ратаразда бичIчIизабулеб букIана больницаялда регизе кколеблъи. Гьелдаса хадуб гьениб аскIобго бугоан палаткаялда жаниб пункт. Гьенибго врачаз гIенеккун хал гьабулеб бук1ана гьуърузул, бахъулеб букIана рекIел кардиограмма. Гьелдаса хадуб унтаразул бугеб хIал бихьун дараби хъван рокъоре ритIизе бегьулел рокъоре ритIун, регизаризе кколел хIалалъ ругел батIи-батIиял отделениязде регизе ритIулел рукIана. Гьединго дунги вегизе кколилан абун витIана хирургиялъул отделениялде. Гьенив палатаялъуве щун заманго иналде нахъойги рачIун тохтурзабаз халги гьабун байбихьана капельницаби лъезе ва гьекъезе дараби кьезе. Гьединан къойилго кIвар кьун, тIадчIей гьабун, дарабиги гьарун анцIила щугогIан къоялъ гьенивги вегун, дун рокъове виччана ва гьанже Аллагьасе рецц, АлхIамдулиллагь лъикI вуго.

Дие гьаб больницаялда унтаразе гьабулеб бугеб хъулухъалъул хIакъалъулъ ва гьенир ругел шартIазул бицунаго аслияб куцалда тIадчIей гьабизе бокьун буго гьеб больницаялъул хIалтIухъабазул унтараздехун бугеб бербалагьиялда.

Дида цо-цо мехалъ ракIалде кколеб букIана жидерго бищун цересел эбел-эмен, яцал, вацал яги жидерго лъимал гьенир регун рукIараланиги тIокIаб батIияб хIалалъ киндай гьаз гьезие хъулухъ гьабизе букIарабилан. Гьединан хIалимго, хIеренго, гурхIел-рахIмуялда ва адабалда кIалъалаан ва цIех-рех гьабулаан унтараздехун киналго врачаз, медсестрабаз ва санитаркабаз. Радал сагIат 5-6 тIубарабго байбихьулаан ва къад-къаси чIечIого дараби гьарулел рукIунаан унтаразе. Къасде кватIараб гIужалдацин рачIунаан унтаразул бугеб хIалалъул цIех-рех гьабизе. Цогидал тохтурзабаз гьабулелда тIадеги жийго бетIерай врач ГIайшат МухIамадовалъги гьабулаан жив-жив унтарасул хал ва рихьизарулаан дараби. Дида лъаларо гьолъул замана кин гIолеб букIарабали, дагьабищха букIунеб руководителасул батIи-батIиял отчетал, данделъаби ва больницаялъе хIажатал сурсатал чIезабиялда хурхун гьарулел хIалтIаби. Цо нухалъ, щамат ва гьатIан къоязул къасде кватIараб гIужалъцин ячIана ГIайшат МухIамадовна унтаразул хал ва цIех-рех гьабизе.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 20 (7421)
Гьат1ан
7 Июнь 2020 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ
# УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

## Постановление

Пос. Шамилькала

О графиках работы территориальной избирательной комиссии Унцукульского района и участковых избирательных комиссий избирательных участков №№ 1477-1506, расположенных на территории Унцукульского района и прикутанных хозяйствах, по приему заявлений участников общероссийского голосования о включении в список участников общероссийского голосования по месту нахождения на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации

В соответствии с постановлением Избирательной комиссии Республики Дагестан от 3 июня 2020 года № 88/560-6 «О графиках работы территориальных избирательных комиссий Республики Дагестан и участковых избирательных комиссий по приему заявлений о включении в список по месту нахождения на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации », территориальная избирательная комиссия постановляет:

1.Утвердить график работы территориальной и участковых избирательных комиссий Унцукульского района согласно приложению;

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Садовод».

**Председатель ТИК Унцукульского района**
**А.Р.Расулов**

**Секретарь ТИК Унцукульского района**
**А.М.Тагирова**

Приложение к постановлению ТИК
от 04.06.2020 г. № 49/103-4

### График

**работы территориальной избирательной комиссии Унцукульского района Республики Дагестан и участковых избирательных комиссий избирательных участков №№ 1477-1506 по приему заявлений участников общероссийского голосования о включении в список участников общероссийского голосования по месту нахождения на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации**

| Дни приёма заявлений | Время приёмазаявлений |
|---|---|
| Прием заявлений и территориальных | избирательных комиссиях РД |
| с 5 по 21 июня 2020 г. | В будние дни (понедельник – пятница)<br>с 09.00 до 12.00 час. и с 14.00 до 17.00 час.<br>В выходные и праздничные дни<br>с 10.00 до 14.00 час. |
| Прием заявлений в участковых | избирательных комиссиях |
| с16 по 21 июня 2020 г. | В будние дни (понедельник – пятница)<br>с 13.00 до 18.00 час.<br>В выходные дни<br>с 10.00 до 14.00 час. |
| оформление заявлений о голосовании по месту временного пребывания – с 22 по 30 июня 2020 г. | с 10.00 до 14.00 час. |

**Территориальная избирательная комиссия Унцукульского района**
**Адрес комиссии: Унцукульский район, пос. Шамилькала, здание МР “Унцукульский район”, 1-й этаж, тел.55-62-85,55-62-86**

04. 06. 2020 год № 48-102/4

## Постановление

Пос. Шамилькала

### О выведении из состава членов участковой избирательной комиссий с правом решающего голоса и назначении из резерва нового члена

В соответствии с письмом Председателя Избирательной комиссии Республики Дагестан М.Т. Дибирова от 01.06.2020 года № 01-19/1512, территориальная избирательная комиссия Унцукульского района постановляет:

1. Вывести из состава членов участковой избирательной комиссии избирательного участка № 1479 Омарову Патимат Гамзатовну, выдвинутую ДРО ПП «КПРФ»;

В соответствии с п. 11 статьи 29 ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан РФ»,

2. Назначить из резерва нового члена участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса избирательного участка № 1479 пос. Шамилькала Муртазалиева Магомеда Расуловича, выдвинутого в резерв ДРО ПП «КПРФ».

3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Садовод».

**Председатель ТИК Унцукульского района**
**А. М. Расулов**

**Секретарь ТИК Унцукульского района**
**А. М. Тагирова**

04. 06. 2020 г. № 50/104-4

### О голосовании до дня голосованияна общероссийском голосованиипо вопросу одобрения измененийв Конституцию Российской Федерации

В соответствии с пунктом 10.1 Порядка общероссийского голосования по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 20 марта 2020 года № 244/1804-7 и на основании постановления Избирательной комиссии Республики Дагестан от 3 июня 2020 года № 88/561-6 «О голосовании до дня голосования на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации» территориальная избирательная комиссия Унцукульского района постановляет:

1. Провести 21 июня 2020 года голосование всех участников общероссийского голосования до дня голосования на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации на избирательных участках №№1484 с. Харачи, 1485 с. Моксох, 1491 Аракани (кутан), 1500 с. Иштибури, 1501 с. Колоб, 1502 Колоб (кутан), 1503 Иштибури (кутан), 1504 с. Инквалита, 1505 с. Цатаних, 1506 с. Новоцатаних, расположенных в труднодоступных и отдаленных местностях.

2. Направить настоящее постановление в соответствующие участковые избирательные комиссии.

3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете “Садовод”

**Председатель территориальной избирательной комиссии Унцукульского района**
**А.Р. Расулов**

**Секретарь территориальной избирательной комиссии Унцукульского района**
**А.М. Тагирова**

# РакI-ракIалъулаб баркала

Балагьараб мехалъ бихьулеб букIана кинабго коллектив цоцалъ гъункун, цадахъ рекъон гьаб захIматаб ахIвал-хIалалда букIине кколеб куцалда жидерго жавабчилъиги бичIчIун, жидерго рухIалда, черхалда барахщичIого, ракI бацIцIадго хIалтIулел рукIин. РакIалде кколеб букIана гьез тIад ретIун бугеб гьеб хасаб ратIлил формаялъ цо чанго нухалъ захIмалъулеб батилин гьезие хIалтIийилан,. ХIакъикъаталдаги цо къоялъ санитаркаялъ абулеб рагIана хIалтIияли бигьаяб жо бугоанин гьаб ретIелниги ретIине кколеб букIинчIебанийилан. Амма гьел киналго къоязда жаниб цониги рагIи рагIичIо хIеренаб гуреб я унтараздехун, яги цоцадехун абулеб. Гьелдаго цадахъ абизе ккола больницаялда кьолеб квенги букIанин санаториялда гIадаб лъикIабин, гьелда тIадеги бакI-бакIалдасан щибаб къойилго къасде садакъаде битIун бачIунеб букIана батIи-батIиял кванил нигIматал, Аллагьас гьезие гьелъухъ кириги азариде бахинабеги!

Гьелдаго цадахъ бихьулеб букIана ва нижее унтаразе загьирлъана районалъул унтаразул ва гьезие больницаялда гьабулеб бугеб хъулухъалъул бугеб хIалалде кIвар кьолеб букIин нилъер районалъул нухмалъулезги. Дун гьенив вегараб тIоцебесеб къоялго кIалъан вачIана дихье живго районалъул бетIер ГIиса МухIамадович. Дица гьесда цIехана дуданиги дун гьанив вукIин кисан лъарабилан. Хадуб цIехедал кIиязулго цо гьудулас бицун лъараблъи загьирлъана. Гьес гьеб къоялъги цIехолеб букIана больницаялда бугеб ахIвал-хIалалъул ва заман иналдего бетIерай врачалъухъеги кIалъан больницаялъе къваригIараб кумек гьабизе бугилан абуна. Гьелдаса хадуб цо чанго къойидасан палатаялъуве лъугьун вачIана добго хъахIаб форма ги ретIарав цо ворхатав гIолохъанчи. ТIад ретIараб гьеб формаялъ нижеда гьев лъалев вукIинчIо, гьеб бичIчIарав гьес нижеда абуна жив вугин районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев, Рихьуниса Жамалудинилан. Гьеб мехалда нижеда гьев лъана ва гьес абуна: жив вачIанин районалъул бетIерас больницаялъул бугеб хIал цIехезе ва гIоле – гIолареб лъазабизе витIун,-абун. Гьес гьединго нижеда бицана райадминистрациялъ больницаялъе цо къадаралъул материалияб кумек гьабунин ва гьанжеялдаса хадубги гьабизе бугин.

Гьедин районалъул больницаялъул кинабго коллективги гьелдаго цадахъ районалъул нухмалъулелги цадахъ рекъон хIаракат бахъун бугеб ахIвал-хIалалъул хIисабги гьабун, нилъер районалъул жамагIатазул ва унтаразул милат гьабизе Аллагьас жавабчилъиги, чорхое сахлъиги кьеги гьезие! Гьаб унтиялъ унтун нижер ГIашилтIа росулъги гьеб больницаялда регизе гIезегIанго гIадамал ккана. Гьединлъидалдиебокьунбугонижерросдал жамагIаталъул рахъалдасан ва дида цадахъ гьеб больницаялъул хирургияб отделениялда регун рукIаразул рахъалдасанги киналго больницаялъул хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Я Аллагь унтаразе гьабураб хъулухъалъухъ кири Аллагьас азариде бахинабеги нужее, чорхое сахлъиги кьеги, халатаб гIумроги кьеги, ниж нужедаса кинниги нужедаса Аллагьги разилъаги! Гьаб унтуца унтун Аллагьасул къадар щваралги Аллагьас алжан насиб гьабун рохизареги. Гьаб унтиги БетIергьанас кватIичIого халкъалда тIаса босаги! Гьаб бачIиналъул гIиллаги нилъеда Аллагьасул цщим бахъин батугеги. Нилъ киналго цадахъ гьуинго, берцинго вацлъиялда, адаб-хатиралда, исламияб нухалда хьвадиялъе, кантIизариялъе бачIун батаги! Дие бокьун буго гьанже ахиралда редакциялъул хIалтIухъабазда гьаризе рес батани гьеб нилъер больницаялъул дун вегун вукIараб хирургиялъул отделениялъул хIалтIухъабазул цIарал, дир баркала загьир гьабун хъваян. Гьале гьезул цIарал: МухIамадова Марьям-Асият – терапевт, МухIамадхIажиева Умаразият – терапевт, МухIамадов Расул – хирург, МухIамадова ХIабият – кIудияй медсестра, МухIамадова Жамиля – деж. медсестра, МухIамадова Саида - деж. медсестра, МухIамадова Халун - деж. медсестра, МухIамадова ГIайшат - деж. медсестра, ГIумарова Ума - деж. медсестра, МухIамадханова ГIайшат - деж. медсестра, МухIамадова Написат - деж. медсестра, ХанмухIамадова ГIайшат - деж. медсестра, Иманшапиева ГIайшат - деж. медсестра, МухIамадова ПатIимат - деж. медсестра, Бартыханова ПатIимат - деж. медсестра, МухIамадова ГIазра – санитарка, ЗайнулгIабидова ХIурия – санитарка, ХIайбулаева Асият – санитарка, ХIамзатова РахIмат – санитарка, МухIамадгIалиева ХIурия – санитарка

Нужедаса Аллагь разилъаял, кидаго кIоченаро нужеца унтаразе гьабурабщинаб лъикIлъи ва хъулухъ!

**МухIамаднур НАЗИРБЕГОВ**
**ГIашилтIа росу.**

# Лъай кьеялъул хIалтIухъабазул ВКС



РДялъул лъай кьеялъул министр, вице-премьер У. ГIумаровалъ муниципалияб лъай кьеялъул хIалтIухъабазе ВКС тIобитIана. Гьенир гьоркьор лъуна 20I9-2020 цIалул сонална аттестатал кьеялда ва ФИС –ФРДОялде информация босиялда хурхарал суалал. Бицана пачалихъиял хIасилазул рахъалъ школлъималазул аттестация гьабиялъул, «Точка роста» гуманитариялгун цифровиял Центразул лицензияби гьариялъул. Лъай кьеялъул рахъалъ республикаялъул нухмалъиялъ данделъиялда бицана Россиялъул лъай кьеялъул министерствалъ ЕГЭ гьаб сонална жиндир заманалда кьеял да, аттестатал, гьелдаго цадахъ отличниказе «За особые успехи в учебе» медалазе ругел рихьизариязул, гьелъул хIакъалъулъ информация ФИС ФРДОялде босиялъул.

Гьенибго У. ГIумаровалъ ва зам. Ш. ГIалиевас бихьизабуна 2020 соналда ГИА кьолагоРособнадзоралъул рихьизариял цIуниялъе, ай (COVID-I9) вирусалдаса цIуни букIинабиялъе жавабчилъи букIинабеянги.

## Внимание! **Пенсионный фонд Дагестана принимает заявления на получение выплаты на ребенка только через портал госуслуг!**

Данная мера является исключительной мерой и направлена, прежде всего, по предотвращение распространения коронавирусной инфекции среди граждан.

Оформить заявление можно следующим образом!

Заходите на сайт gosuslugi.ru.

Находите вкладку «Услуги» и заходите туда.

В поиске забиваете «Пенсионный фонд».

На странице Пенсионного фонда находите в списке услуг (практически в самом низу) раздел «неэлектронные услуги».

Заходите туда и находите услугу «Единовременная выплата на детей от 3 до 16 лет».

Заполняете заявление, указывая реквизиты счета, на который вам должны будут перевести средства.

Заявление напоминаем, подается дистанционно. Непосредственно в Пенсионный фонд обращаться не нужно.

В ведомстве напоминают, что прием граждан в Пенсионном фонде Дагестана производится только по предварительной записи и исключительно по тем услугам, которые невозможно получить дистанционно. Об этом информирует пресс – служба ГУ – ОПФР по РД. Записаться предварительно на прием можно через сайт Пенсионного фонда, через мобильное приложение или по телефону республиканской «горячей линии» 88002001701, или телефонам 54 территориальных подразделений фонда в городах и районах республики, указанных на их социальных страничках. Дагестанцам напоминают, что большинство услуг Пенсионного фонда жители могут получить дистанционно, не выходя из дома. Эту возможность обеспечивает функционал личного кабинета на сайте фонда, а также портал Госуслуг. Обращения также можно направить почтой или через онлайн-приемную на сайте Пенсионного фонда.

Как оформить заявление на получение выплаты на ребенка?

Заходите на сайт gosuslugi.ru.

Находите вкладку «Услуги» и заходите туда.

В поиске забиваете «Пенсионный фонд».

На странице Пенсионного фонда находите в списке услуг (практически в самом низу) раздел «неэлектронные услуги».

Заходите туда и находите услугу «Единовременная выплата на детей от 3 до 16 лет».

Заполняете заявление, указывая реквизиты счета, на который вам должны будут перевести средства.

Заявление подается дистанционно. Непосредственно в Пенсионный фонд обращаться не нужно.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 6 .06. 20 г.<br>16:20<br>фактически -17:20 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |